



Pou Piblikasyon Imedya: 27/08/2024

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE PLIS KE 24 MILYON DOLA POU ELAJI SÈVIS SANTE MANTAL AK FIZIK POU JEN TIMOUN YO

Pwogram HealthySteps New York la bay timoun ki poko gen 3 zan yo swen inovan ak tè depistaj bonè pou devlopman sante mantal

Gouvènè Hochul vize pou devlope pwogram pou sèvi 350,000 timoun disi 2027

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a plis pase 24 milyon dola pou elaji [HealthySteps](#), yon pwogram inovan ki sipòte jèn fanmi yo atravè New York ak bon jan kalite swen pou devlopman sante mantal ak fizik pou timoun ki poko gen 3 zan. Finansman sa a pral sipòte jiska 50 nouvo sit HealthySteps nan kad plan pou devlope pwogram nan pou sèvi 350,000 timoun nan tout eta a disi 2027.

"Elaji aksè ak swen timoun piti se yon pati nan apwòch konplè nou an pou sipòte fanmi yo atravè New York", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Antanke premye manman Gouvènè New York, sa se yon bagay pèsònèl pou mwen – epi mwen pap janm sispann travay pou asire ke chak timoun jwenn swen yo bezwen."

Se Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health, OMH) Eta New York ki administre pwogram HealthySteps New York la, ki kounye a sipòte 97 lokal HealthySteps nan pratik sante pedyatrik ak fanmi atravè eta a.

Pwogram nan asosye doktè pedyatrik ak espesyalis devlopman timoun – yo rele espesyalis HealthySteps – pou bay sèvis pou timoun jiska laj 3 zan ak fanmi yo nan yon anviwònman swen sante pedyatrik. Paske pedyat yo souvan se premye pwen kontak nouvo moun k ap bay swen yo genyen ak sistèm swen sante a, anviwònman sa a kapab mwens difisil ak pi favorab pou idantifye pwoblèm sante konpòtman timoun piti.

Tibebe yo ak moun k ap bay swen yo tipikman gen sèt vizit pedyatrik nan premye ane nan lavi a, ki bay yon opòtinite nan kòmansman lavi pou entegre swen sante mantal pou timoun nan yon moman kritik pandan devlopman sèvo yo. Espesyalis HealthySteps sèvi kòm yon pati nan ekip swen prensipal la epi yo ka ofri fanmi yo tè depistaj adisyonèl ak sipò pou manje, konpòtman, dòmi, atachman, depresyon, detèminan sosyal sante, ak ajisteman nan kompleksite yon timoun ki fenk fèt.

Komisè Biwo Sante Mantal (Office of Mental Health) la, Doktè Ann Sullivan, te deklare, "Expanding HealthySteps pral fè patenarya plis pratikan sante mantal ak fanmi nan biwo pedyat yo pou sipòte kwasans ak devlopman jèn Nouyòkè yo. Pwogram nan ede fanmi yo adrese bezwen fizik ak emosyonèl pitit yo nan yon anviwònman akeyan. Sipò kontinye Gouvènè Hochul pou pwogram sa a ap ede fanmi yo jwenn sipò emosyonèl yo bezwen nan yon moman kote entèkansyon bonè pi efikas."

Senatè Eta a, Samra Brouk te deklare, "Antanke yon manman, mwen konprann ke swen timoun piti esansyèl pou kapasite yon timoun pwospere. Mwen bat bravo pou efò Gouvènè Hochul ap fè nan ede tout Nouyòkè jwenn swen yo bezwen nan yon laj esansyèl nan devlopman yo. Finansman sa a pral ranfòse travay HealthySteps pou ede fanmi atravè eta a resevwa swen mantal ak fizik ki enpòtan nan kòmansman lavi yo. Ogmante sèvis yo ke fanmi yo gen aksè ak li enpòtan anpil pou pèmèt yo gen yon lavi ki gen bon jan sante mantal ak fizik."

Aileen Gunther, ki se yon Manm Asanble, te deklare, "Mwen trè kontan ke pwogram HealthySteps la ap agrandi, epi mwen bat bravo pou Gouvènè Hochul paske li te bay 24 milyon dola pou finansse kwasans sa a. Konekte espesyalis devlopman gadri ak pedyat ak paran yo se yon fason ekselan pou asire timoun nan New York yo resevwa swen ki pi konplè posib. Antanke Prezidan Komite Sante Mantal Asanble Eta New York la, mwen ankouraje anpil pou m wè espesyalis sante mantal ak devlopman yo enkli nan konvèsasyon ak desizyon enpòtan ki fèt pandan premye ane yo nan lavi yon timoun."

Dènye disponiblite finansman sa a ankouraje Gouvènè Hochul konsantre sou sante mantal timoun ak jèn, kontinye travay li te kòmanse nan kad investisman 1 milya dola li a nan sante mantal nan tout eta a ki te lanse ak adopsyon Bidjè Eta pou Ane Fiskal 2024 la. Konsantrasyon sa a sou sipò ak sèvis jèn yo te kontinye ak investisman adisyonèl ki garanti nan Bidjè Eta pou ane 2025 la.

Gouvènè Hochul te pran mezi pou elaji sipò sante mantal pou timoun yo atravè eta a epi asire ke yo tande vwa yo, pou konkretize ajanda li te revele nan diskou Eta Leta a nan mwa janvye a. 20 milyon dola nan finansman konpayi demaraj disponib kounye a pou klinik sante mantal nan lekòl yo ansanm ak yon pwosesis aplikasyon kontinyèl, pou rann li pi fasil pou lekòl ki enterese yo etabli satelit sa yo pase atravè pwosesis akizisyon eta a te itilize anvan an.

Bidjè Ane Fiskal 2025 yo adopte a gen ladan tou yon investisman ki plis pase 19 milyon dola pou bay jèn yo swen enpòtan andeyò anviwònman lekòl yo, tankou ogmante resous pou jèn k ap resevwa tretman nan kominote yo oswa, lè sa nesèsè, nan swen rezidansyèl yo. Inisyativ kle yo gen ladan elaji pwogram ACT pou Jèn yo pou ajoute 12 nouvo ekip nan tout eta a, bay sipò pou jèn moun k ap lite ak maladi mantal pou yo ka rete lakay yo ak nan kominote lekòl yo, olye yo resevwa tretman nan anviwònman rezidansyèl ak pasyan ki entène yo.

An jen, Gouvènè Hochul [e siyen de gwo lejislasyon](#) pou ede kreye yon anviwonman dijital ki pi an sekirite pou jèn New York yo, ki gen ladan Lwa SAFE pou Timoun (SAFE

for Kids Act) pou mande konpayi rezo sosyal yo mete restriksyon sou fliks ki adiktif sou platfòm yo pou itilizatè ki poko gen 18 an; ak Lwa Pwoteksyon Done Timoun (Child Data Protection Act) New York la pou entèdi sit entènèt ak aparèy ki konekte yo kolekte, itilize, pataje oswa vann done pèsònèl nenpòt moun ki poko gen 18 an.

###

Lèt nou vèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: ny.gov/signup | Voye tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)